

# LÈT ENFÒMASYON POU ANPLWAYE *Baumann, Acme, Brookset ak Alert*

**LÈT ENFÒMASYON NIMEWO 1**  
Rete 14 jou pou Eleksyon Teamster nou an!

— — — — — **Konte Lanvè pou Rive nan Jou Eleksyon nou an!** — — — — —

WWW.SCHOOLBUSWORKERSUNITED.ORG • WWW.TEAMSTER.ORG

## ***Kisa OU Gade tankou Priyorite w?***

Kòm nou tout ap pote kole ansanm, nou pral genyen eleksyon an, epi n ap fè chanjman pozitif nan travay nou. Nou pral pare pou antre nan negosyasyon TOUSUIT apre nou gen laviktwa. Pou rive fè sa, nou bezwen konnen kisa priyorite chak moun ye. **Ki chanjman OU vle wè nan travay la?** Tanpri reponn kesyonè pou negosyasyon ou resevwa nan lapòs la. Si w pa resevwa yon kopi kesyonè a, rele Local 1205 lan oswa mande yon manm nan komite òganizasyon an fè w jwenn youn. Depi ou fin reponn kesyonè a, voye l bay Local 1205 oswa remèt li bay yon manm oubyen yon òganizasyon nan komite òganizasyon an. **NOU KAPAB, EPI NOU PRAL FÈ CHANJMAN POZITIF NAN SALÈ AK NAN AVANTAJ ANPLWAYE NOU YO; NOU PRAL FINI AK PASDWA POU ZANMI; FINI AK KOUPE NAN SALÈ, EPI NOU PRAL FÈ LÒT BAGAY ANKÒ!**



**Drive Up  
Standards**  
School Bus and Transit Workers United

***Vote "WI" pou Teamsters  
nan dat 20 novanm lan!***



## **Fòs Nou, se Tèt Ansanm nan Divèsite nou!**

Objektif nimewo lèt enfòmasyon sa a, se pou pèmèt anplwaye nan Baumann/Acme/Brookset/Alert yo abitye plis avèk Teamsters Local 1205 lan. Nou pral li deklarasyon 8 manm ki reprezante yon echantiyon tout divèsite moun ki nan Local 1205 yo. Yo pale avèk fyète sou sa yo reyalize. Chak pale dapre pèspektiv li sou inite ak efikasite lokal li. Kidonk, fòs nou pral soti nan divèsite sa a!


Nou pral wè jan sa ki ekri nan lèt enfòmasyon sa a enteresan anpil. Nou pa ka tann pi lontan pou nou vin yon pati nan bon kalite lokal Teamsters sa a!



**Fè Tande Vwa Nou!**

**VOTE WI POU TEAMSTERS nan dat 20 novanm lan!**

An tout Solidarite,  
**Komite Òganizasyon Travayè nan  
Baumann, Acme, Brookset ak Alert**



## Yon ti Mesaj Prezidan an Voye

Frè ak Sè m yo,

Mwen kontan anpil dèskè mwen fè konesans avèk anpil nan nou, epi se yon lonè pou mwen dèskè m ap pale ak nou sou lespwa nou genyen, ak sou volonte nou pou jwenn yon pi bon lavi pou noumenm ak pou fanmi nou. Pifò nan nou deja konprann tout tenten mantè sa yo ap di paske Baumann peye yo pou bay manti, se pou fè nou pa vin sou pawòl tankou pi bon salè, pi bon avantaj anplwaye, ansyen-nte nan travay, elatriye. Objektif prensipal swadizan “konsiltan direksyon” sa yo, se pou fè nou gade sendika a tankou yon move bay, kidonk pou fè nou pa kwè nan sa jijman nou di nou. Yo entelijan anpil, men yo mechan.

Malgre sa, nou sèten, lè nou resevwa enfòmasyon sou nou, epi nou dekouvri laverite ki dèyè tout manti yo – tankou pawòl rizib ki di nou kapab regle pwoblèm nou pi byen poukont nou, kont pouvwa patwon rich la – nou pral chwazi pou nou kole zepòl ak kòlèg nou yo pou fòme yon sendika!

Jan yo di nou aklè nan lèt enfòmasyon sa a – lè travayè kole zepòl ansanm, yo gen yon pouvwa ki pi fò pase pouvwa nenpòt moun k ap goumen poukont li. Se sa menm patwon yo pi pè.

Tout manm nan Local 1205 yo konnen yo gen yon vwa nan aktivite sendika sa a, lè yo vote kòm manm. Se avèk rekonesans m ap di gen 10zan depi yo te chwazi m nan eleksyon premye fwa, pou sèvi kòm prezidan. An 1999, nou te adopte règleman ak prensip ki fò ak demokratik, tankou eleksyon nou fè chak ane pou chwazi delege sendika yo, ak eleksyon pou chwazi responsab lokal nou yo chak 3zan.

Se ansanm nou travay pou rive jwenn kontra ki gen pi bon kondisyon salè, pwoteksyon travay, epi, tout bon vre, youn nan pi bon pwogram asirans medikal nan peyi a! Lè nou wè tout avantaj medikal yo retire sou anpil travayè nan tout Etazini, ak gwo dediktib yo mete nan pwogram asirans

yo, se yon gwo amelyorasyon nou rive fè nan plan medikal nou an pou chak ane! Plan medikal Local 1205 lan gen plis pase \$24 milyon nan rezèv li!

### *Nou Kontan ou Vin Jwenn Nou!*

Nan moman n ap fè rapò bay manm yo nan reyinyon mensyèl la, eta finans lokal nou an nan pi bon fòm li janm ye. An 2002, manm yo te apwouve desizyon achte pwòp bilding nou an nan Farmingdale. Kote nou ye a, se yon kominote moun santi yo alèz, kote nou jwenn tout plas nou bezwen. Biwo nou an sèvi pou negosyasyon, abitraj, seyans estrateji, elatriye. Gen anpil ladan nou ki deja vini nan biwo nou an pou òganize reyinyon. Nou toujou kontan resevwa manm yo ak zanmi, menm si se yon ti bonjou nou vin di anplwaye yo. Nou kontan resevwa tout moun!

Manm Local 1205 yo reyalize anpil ansanm, epi yo fyè dèskè yo se yon pati nan Fratènite Entènasyonal Teamsters nou an, ki fò epi ki demokratik tout bon. Yo byen konnen, lè yo deside goumen pou jistis ak verite, epi y ap kontinye veye ak denonse magouy ak manti patwon yo - sa ki vle di tou, blofè k ap sèvi patwon yo – sa pral fè nou pi fò.

Nou pral kontan wè anplwaye nan Baumann/Acme/Brookset/Alert yo vin jwenn nou, pou noumenm tou ka jwenn respè, ansanm ak salè ak avantaj anplwaye ki kòrèk, jan tout moun merite!

An tout Solidarite,  
*Timothy Lynch*

## RESPONSAB NAN LOCAL 1205 YO DI:

*“Tout frè ak sè nou ki pral vote nan dat 20 novanm lan, pou vin manm lokal nou fyè a – nou pral kontan resevwa nou nan òganizasyon demokratik nou an, epi travay ansanm pou nou jwenn jistis ekonomik pou nou!”*

# Kouman Travayè yo Òganize ak Genyen Batay la



## “Yon Viktwa Total Kapital”

Andy Gallo se yon chofè kamyon baskil epi li se yon delege sendika Local 1205 nan Suffolk Cement Products, ki se pi gwo kon-

payi Redi-Mix nan Pwent Ès Long Island. Li gen anpil fyète kòm manm sendika a, epi li di “Avantaj anplwaye ak salè, ansanm ak kontra sendika nou a se yon viktwa total kapital. Mwen te chita arebò tab negosyasyon an, ansanm ak lòt manm komite negosyasyon an, epi nou wè prezidan Lynch negosye pi bon kontra ki posib la pou nou, avèk bon teknik ak detèminasyon. Avèk pwoblèm ki genyen kounye a nan ekonomi an, pèsonn pa te atann pou nou soti ak sa nou resevwa a.”

Kontra a gen yon ogmantasyon salè \$6.70 alè, anplis yon salè ki te deja anfòm. Lòt ane, valè total pakèt pou chofè a pral depase \$45 alè!

Andy di konsa, avèk Local 1205, “Nou gen mwayen mennen fanmi nou nan bon restouran, epi achte oto tounèf - san nou pa oblije achte oto dezyèm oubyen twazyèm men. Nou ka pran vakans, pati ak fanmi nou, epi pran plezi nou. Tout moun ta dwe kapab genyen bagay sa yo!”

Li di li gen konviksyon “sendika yo vin pi fèb lè travayè yo kwè nan manti manadjè ak rat yo ap bay. Konpayi yo monte travayè youn kont lòt paske yo konnen lè chak moun ap eseye defann pwòp enterè li sèlman, moun yo pa gen menm fòs ak yon gwoup. Lè nou youn kore lòt, ak kole zepòl nou ansanm, nou vin yon sendika ki fò.”

Gen dezan depi yo te chwazi Andy nan eleksyon kòm Reprèzantan Atitre nan konsèy egzekitif lokal la.



## “Konpare Lajounen ak Lannuit”

Gen 9 lane depi sa te rive, plizyè santèn chofè otobis, mekanisyen, ak asistan chofè nan lokal First Student Shoreham ak Middle Island yo te

vote pou antre nan Local 1205. Menm si gen plizyè sendika ki reprezante plizyè anplwaye nan sèvis otobis, anplwaye sa yo te tande manm Local 1205 yo di jan sendika sa a te mete tout fòs li nan reprezante manm li yo.

Cliff Roode, ki se delege sendika nan First Student's Shoreham, di: “Konpare kontra 1205 nou genyen an avèk sa nou te konn genyen anvan Teamsters yo, se konpare lajounen ak lannuit.” “Bagay yo vin 10 fwa pi bon. Salè ak avantaj nou yo vin tèlman pi bon kounye a. Manm nou yo tèlman kontan nou rive gen local 1205, epi nou gen yon kontra – apre manm yo vote pou li – ki siyen anvan 3 mwa pase apre nou fè eleksyon pou sendika a!”

## Lè kontra nou genyen kounye a fini, men kisa pi gwo salè yo pral ye:

<b>Gwo otobis</b>	<b>\$24.84 alè</b>
<b>Fougon</b>	<b>\$20.10 alè</b>
<b>Asistan Chofè</b>	<b>\$17.45 alè</b>
<b>Mekanisyen</b>	<b>\$27.72 alè</b>

Epi si yon anplwaye te koumanse nan travay la depi plis pase yon lane, ou pa bezwen peye senk kòb pou asirans medikal ou! Dapre bon kontra nou an, se konpayi an ki peye tout! Epi moun ki mete kabiran, ak mekanisyen yo gen asirans gratis pou fanmi yo!

Lè yo mande l kisa ki pi enpòtan li aprann pandan lane ki pase yo, li reflechi epi li reponn: “Sa ki pi enpòtan an, si yon malè rive youn nan manm yo, se nou tout ki soufri. Manm yo se sendika a: se nou tout k ap travay ansanm!”



## “Kouman nou fè yo respekte nou”

Gary Van Denise, ki se yon operatè charyo el-evatè, ap travay nan lokal Northport nan Riverhead Building

Supply, ki se youn nan 11 lokal ki sendike yo. Li te byen kontan deklare: “Mwen pa ka espliche nou tout sa kontra a vle di pou

*Sa mwen pi regrèt kounye a, se paske pandan tout lane sa yo, mwen pa t nan yon sendika.*

–Gary Van Denise

mwen, pou fanmi m, ak pou lòt manm kou mwen yo. Depi mwen te vin manm nan Local 1205 an 2003 a, m ap kondui yon bon oto pou premye fwa nan lavi m. Mwen resevwa tout avantaj medikal konpayi an peye pou fanmi m, yon bon pansyon, bon salè – epi mwen pral touche prèske \$28 alè nan fen kontra sa a! Mwen kwè se yon benediksyon pou nou. Sa mwen pi regrèt kounye a, se paske pandan tout lane sa yo, mwen pa t nan yon sendika. Anvan Local 1205 te vin isit la, gen 6zan depi lè sa a, mwen t ap touche \$12 alè! Li te difisil pou m okipe fanmi m. Mwen di Bondye mèsi pou Teamsters Local 1205! Kounye a, nou jwenn respè nou merite tout bon an!”



## Mande yon Nonm ki Konnen

Moun ki gen plis an-syennte nan tout lokal la – 49 an! – se Butch Kasotsky. Li se yon chofè ak yon delege sendika nan branch

Nassau Suffolk Lumber's Roslyn lan. Butch montre li gen yon bon pèspektiv, lè li di:

“Mwen antre nan Local 1205 an janvyè 1960. Lè Timothy Lynch te vin negosyatè an-chèf an 1996, epi prezidan an 1999, li te gen responsabilite pou l negosye kontra ki te pi fò nan tout listwa Local 1205 lan. Men kontra nou genyen kounye a, ki te siyen an jiyè 2009, se li ki pi fò pase tout. Salè yo ak avantaj anplwaye yo, se pi bon ki gen nan endistri a. Nou gen yon bon jan lidèship - yon lidèship ki pa pè patwon yo, epi ki pa fè bak.”

Lè yo mande l pou kisa li pa pran retrèt li, pou koumanse touche pansyon premye

## Kouman Travayè yo Òganize ak Genyen Batay la

klas Local 1205 lan, Butch reponn: “Mwen ta ka pran retrèt mwen depi plizyè lane, men mwen renmen travay mwen, epi chak jou mwen kontan vin travay. Konbyen travayè ki pa nan sendika ki ka reponn sa?!”



### “Se Premye Fwa nou Gen Pouvwa nan Men nou!”

Gen senk an depi sa te rive, Local 1205 te vin reprezantan anplwaye administratif nan New

School nan Vil Nouyòk. Manm nou yo ap travay nan biwo ki plizyè kote nan bilding ki fòme site inivèsité ki gen 8 fakilte nan New School la. Delege sendika anchèf Local 1205 lan, Yolander Parker, gen 20 lane depi li anplwaye. Li te byen kontan bay deklarasyon sa a:

*Se premye fwa nou te santi nou gen pouvwa – anpil pouvwa – poutèt Teamsters Local 1205.*

–Yolander Parker

“Mwen oblije rekonèt, lè 1205 te fenk koumanse pwoche, mwen te ezite pou m antre ladan l. Men lè mwen wè kouman yo t ap goumen pou nou, mwen aprann epi mwen chanje!”

Men kisa li di sou sa ki pase, pandan negosyasyon pou premye kontra nou an: “Sendika a fòme yon gwo komite. Gen anpil moun ki te di sa ki nan lide yo pou premye fwa, ki bay opinyon yo, epi chita pale sou pwoblèm nou te genyen. Nou te rive jwenn bon ogmantasyon salè ak bon avantaj anplwaye, epi kontra nou a te pi bon pase tout sa nou te janm genyen anvan. Gen moun ki te resevwa yon ogmantasyon salè \$2 menm lè a!”

Yolander kontinye di: “Pandan senk lane ki fenk pase yo, lè lòt delege sendika ansanm ak kèk nan kolèg mwen yo, epi mwen, menm te rankontre ak responsab direksyon an pou pale sou pwoblèm nou ak sou lòt kesyon, nou resevwa tout bon sa nou te mande a.

Administrasyon an montre plis respè pou mwen ak pou kolèg mwen yo. Lè bagay yo pa mache jan nou vle a, nou di nou pral kontakte biwo sendika nou an – epi yo te sanble sa fè yo tèlman pè! Se premye fwa nou te santi nou gen pouvwa – anpil pouvwa – poutèt Tamsters Local 1205. Sa se yon branch sendika ki gen fòs kounye a. Moun pa pè di sa ki sou lestomak yo!”



### “Sa a, se yon Zafè Annò”

Gen senkan depi sa rive, Local 1205 te fyè òganize anplwaye Super Enhterprises nan Cranbury, New Jersey yo. Super En-

terprises se yon distribitè esklizif Marvin Windows nan zòn nou an; anplwaye li yo te

antre nan menm kondisyon kontra sendika nou an, ki te pwoteje anplwaye ki travay nan branch Super Enterprises' Melville, nan Long Island yo. Kòm yo te

rekonesan pou sa, nouvo manm yo chwazi chofè Wayne Francis nan eleksyon kòm delege sendika yo. Men kisa Wayne te gen pou l di:

“Lè Local 1205 te fenk òganize nou, nou pa t ka kwè jan nou te gen chans. Anvan sa,

sendika a ak plan 401(k) konpayi an, pansyon an pi bon lontan.” Li di tou, si yon moun te di limenm oubyen kolèg li yo tout sa ki te gen ladan, yo pa ta janm kwè se vre: “Pou di pwòl la aklè, nou pa te kwè bagay konsa posib!”

Wayne pale sou sa li konn wè nan lòt kote:

“Mwen mache anpil, epi mwen pale ak anpil travayè nan plizyè kote. Mwen pa konn yon sèl kote ki gen yon pi bon kontra pase kontra nou an. Epi tout konpayi ki pa gen sendika sa yo mechan. Yo fè moun travay pou tikras lajan, paske yo konnen moun bezwen travay epi y ap reziyen yo pase mizè pou kenbe travay yo.”

Men sa li di sou travayè ki pa sendike yo: “Mwen di yo reflechi byen pou wè si yo pa ta dwe antre nan Sendika Teamsters la. Mwen di yo kareman, lè w vin yon travayè sendike, se kòm si w ap rekoumanse viv ankò. Se yon gwou souf ou pran, se lavni w ki pi bèl.” Epi li di ankò: “Lè nou travay kòm Teamsters, sa fè nou santi nou vin gen valè. Bondye fè nou pa pran nan magouy konpayi an t ap fè pou kraze sendika!”\*

\* *Remak: Kòm nan pami manti moun k ap fè pwopagann pou Baumann yo bay, te gen kèk kout lang sou prezidan Timothy Lynch, an nou prese fè konnen sa a: Nan sezon ete ki fenk pase a, prezidan Lynch resevwa 2 pri ki gen anpil prestij isit la menm, nan Long Island, pou rekonèt li kòm Lidè Sendikal pou Ane sa a. Youn nan pri yo se Working Families Party ki te bay li, epi lòt la te soti nan Long Island's Jobs With Justice. Epi pa gen lontan, yo te envite l kòm pwofesè nan Hofstra University Law School, kote li te fè yon konferans pou avoka sendika ki pral diplome yo, sou negosyasyon pou kontra sendika.*

*“Nou tout deja tande ka moun ki konn fè fayit epi ki konn pèdi kay yo, poutèt kokennchenn bòdwo medikal. Mwen di madanm mwen: “Ala yon gwo soulajman, lè moun pa gen tout tèt chaje sa yo!”*

–Wayne Francis

### “Mwen pa t Janm Kwè Mwen ta Bezwen l”

Steve Beal ap travay nan branch Riverhead la nan Riverhead Building Supply. Li pase nan plizyè batay pou kontra ak pou plent, epi li fyè pou tout sa limenm ak sendika a reyalize.

## Kouman Travayè yo Òganize ak Genyen Batay la

Men li te vle rakonte yon eksperyans pèsònèl anpil, ki ka fè moun apesye sendika nou an plis toujou. Li gen 46zan, epi gen kèk lane, yon maladi grav te frape l yon sèl kou, epi sa te anpeche l travay pou prèske 6 mwa. Steve, ki se yon volontè nan ponpye epi ansyen chèf Depatman Ponpye Riverhead la, di: “Mwen te toujou gade tèt mwen tankou yon moun ki aktif fizikman epi ki an sante. Pou di vre, sòf pou egzamen fizik anyèl mwen nan sèvis ponpye a, mwen pa t janm ale kay doktè nan tout lavi m. Plan medikal sendika a, mwen pa t janm kwè mwen ta bezwen l.”

Yon jou konsa, li santi dwèt li ak pye l ap vin lou, epi apre 2 nuit, li te vin pa ka fè mouvman.

“Nan sal ijans lan, dyagnostik la di mwen te gen yon enfeksyon viral ki rele sendwonm Guillain-Barré, ki pa rive souvan. Mwen rete nan swen entansif pandan 11 jou, epi fanmi m pa t konnen si m t ap chape. Apre sa, mwen pase kat semenn ankò lopital

ak nan reyabilitasyon, kote mwen te oblije rekòmanse aprann mache. Se apre senk mwa sèlman mwen retounen jwenn fòs mwen. Doktè di mwen geri nèt, men rezon ki fè mwen vle rakonte sa ki rive m lan, se paske malgre sikonstans ki genyen deyò a kounye a, mwen pa janm resevwa yon sèl bòdwo – pa yon sèl. Plan Asistans Sendika a okipe tout bagay. Bòdwo yo te monte plizyè santèn milye dola. Wi, se yon bon bagay pou nou gen sendika a k ap goumen pou fè nou jwenn bon salè, pansyon ki anfòm, ak pwoteksyon nan travay, men mwen rive wè, nan yon sikonstans mwen pa ta janm prevwa, kouman nou ta ye si nou pa t gen bon kalite plan medikal sa a. Nou ta nan gwo pwoblèm. Nou tout deja tandè ka moun ki konn fè fayit epi ki konn pèdi kay yo, poutèt kokennchenn bòdwo medikal. Mwen di madanm mwen: “Ala yon gwo soulajman, lè moun pa gen tout tèt chaje sa yo!”

### “Mwen Pa t Fin Kwè Nèt”

Jo Mazliah se yon chofè kamyon trelè ki travay pou Island Construction Company, ki nan Calverton, Long Island. Lè li sonje sa ki rive, li di konsa:

“Mwen oblije rekonèt sa, lè mwen te fenk kontre ak prezidan Lynch epi mwen tandè l pale avèk lafwa sou jan nou ta pral chanje anpil bagay, mwen pa t fin kwè nèt. Men apre kèk lane sèlman, poutèt Local 1205, bagay chanje pou mwen. Anvan, mwen te konn touche \$15 alè, san pansyon; ane pase, W-2 mwen nan Island Construction montre mwen touche plis pase \$80,000, avèk anplis bon kalite plan retrèt Teamsters la. Epi plan medikal nou an, se pi bon ki genyen. Madanm mwen ap travay nan klinik yon doktè, kidonk li konn wè plizyè plan medikal. Li toujou di m avantaj medikal nou yo, se pi bon ki genyen deyò a, paske plan nou an pa kanmarad lòt yo!”

## Teamsters Depoze yon Plent pou Pratik Travay ki Pa Ekitab kont Baumann ak “Konsiltan” l ap Peye Gwo Lajan yo

Yo fòse nou chita nan reyinyon ak “konsiltan” k ap touche gwo lajan nan men Baumann, epi nou tandè tout kalite gwo manti, ansanm ak demiverite, ak pawòl kwochi. Yo tèlman ban nou manti, nou pa ka sonje tout sa yo di! Nou prevwa lè Jou Eleksyon an rive, Baumann ap deja peye moun sa yo plizyè santèn milye dola. Nou konnen Baumann ak ekip mantè li yo vyole Lwa Nasyonal sou Relasyon ak Travayè a, kidonk Teamsters depoze dis plent pou pratik travay ki pa ekitab, pou pwoteje dwa nou devan lalwa. Konsèy Travay la deja di Local 1205 li pral depoze yon plent kont Baumann, pou sa gouvènman an rekonèt kòm aktivite ilegal Baumann yo!

### Men kèk kesyon pou nou poze “konsiltan” Baumann yo:

1. Kouman fè yo peye nou lè yo vle fòse nou chita pou tandè “konsiltan” yo, epi yo pa peye nou pou reyinyon sou sekirite yo?
2. Kouman fè nou pa sèvi ak santèn milye dola “konsiltan” yo ap touche, pou ba nou pi bon avantaj asirans maladi oswa peye nou pi bon salè.
3. Pou kisa delege sendika yo pa ka vini nan reyinyon yo pou bay tout enfòmasyon yo – pa sèlman enfòmasyon enterese ak defòme n ap tandè kounye a?
4. Kouman fè Baumann ap sèvi ak lajan piblik pou peye “konsiltan” ki kont sendika sa yo?

## Konparezon Ant Kondisyon Travay Nou Nan Baumann, Ak Kondisyon Travay Manm Local 1205 Yo Nan First Student

Tablo sa a sèvi pou konpare kondisyon travay nou, dapre manyèl konpayi an ekri, ak kondisyon travay First Student dapre kontra sendika travayè yo negosye ak direksyon konpayi an. Nou ka wè travayè First Student yo negosye kondisyon ki enpòtan pou yo. Tout kontra yo pa menm, kidonk nou ka gen priyorite ki pa menm nan kontra nou an avèk Baumann, Acme, Brookset ak Alert.

ELEMEN FONDAMANTAL	Manyèl pou Anplwaye Baumann/Acme/Brookset/Alert	Kontra Sendika Teamsters Local 1205 First Student Shoreham/Middle Island
Kilès ki pran desizyon yo?	Manadjè Baumann yo pran desizyon poukont yo.	Akò negosye ant travayè yo ak konpayi an.
Èske travayè yo gen lapawòl?	Travayè yo pa gen lapawòl.	Travayè yo gen lapawòl demokratikman.
Èske kondisyon yo obligatwa dapre lalwa?	Kondisyon yo pa obligatwa dapre lalwa, epi yo ka chanje yo nenpòt kilè!	Kontra sendika a obligatwa dapre lalwa.
Èske yo ka chanje kondisyon yo oswa fè yo gen mwens fòs?	Manyèl la di konsa: “Baumann rezève dwa pou l revize, konplete, oswa anile nenpòt ki règleman li vle.”	Direksyon konpayi a pa gen dwa fè okenn chanjman san negosye chanjman an ak travayè yo.
Kisa ki pwoteje pwosedi yo?	Pwosedi pou pote plent lan anba kontwòl total konpayi an – jistis machòkèt!	Pwosedi pou pote plent ekita, ki anba kontwòl sendika a ak direksyon konpayi an.
Kouman yo rezoud pwoblèm yo?	Baumann pran desizyon final la.	Si sa nesèsè, dènye etap pwosedi a se yon abitraj definitiv devan yon abit ki enpasyal.
Travay garanti?	OKENN.	Anplwaye yo gen garanti pou omwen 39 semenn travay. Pifò anplwaye yo resevwa tou 3 “semenn peman konplèmantè” pandan 3 semenn lekòl fèmen yo: 1 pou Nwèl, 1 nan mitan sezon lè a, ak 1 nan sezon Prentan an.
Èske yo respekte ansyennte travayè yo?	Non. (Manyèl la di yo konsidere ansyennte sèlman lè konpayi an kwè sa gen yon valè “pratik”.)	Kontra sendika a egzije pou yo konsidere ansyennte nan tout vwayaj pou ranmase elèv, vwayaj nan mitan lajounen, vwayaj ta, vwayaj chatè, elatriye.
Respè	Okenn dispozisyon pa pwoteje travayè yo kont tretman ki pa ekita oswa ki manke yo dega. Pou di vre, manyèl la di konpayi an “gen dwa revoke [nenpòt anplwaye] nenpòt kilè.”	Dispozisyon nan kontra a di konsa: “Yo pa gen dwa sispann ni revoke okenn anplwaye san yon rezon ki jis”, epitou “Yo pa gen dwa sispann ni revoke okenn anplwaye san yon odisyon devan direksyon konpayi an, ansanm ak delege sendika a oswa ajan biznis la.”

Asirans maladi	<p>Li koute tèlman chè, anpil nan nou pa kapab peye prim mensyèl la, epi ti lajan Baumann peye a se pou sèlman 10 mwa nan lane a.</p> <p>Lè nou achte asirans lan:</p> <p>Peman patisipasyon an se ant \$30.00 ak \$50.00 pou yon vizit doktè.</p> <p>Peman patisipasyon pou entènè lopital se ant \$500.00 ak \$1,000.00.</p>	<p>Okenn prim pou kouvèti asirans pèsonèl – konpayi an peye 100%, pandan 12 mwa nan lane an, menm si anplwaye yo pa travay pandan sezon Ete a.</p> <p>Peman patisipasyon an se \$10.00 pou yon vizit doktè.</p> <p>Peman patisipasyon an se \$0.00 pou entènè lopital.</p>
Swen pou Dan ak Je	Travayè yo peye 100% prim yo pou yon plan asirans ki pa menm bon.	Konpayi an peye asirans pou swen dan ak je. Epi sèvis sa yo pi bon lontan pase sèvis nan plan Baumann lan.
Preskripsyon	Lè se yon asirans maladi nou ka peye, peman patisipasyon pou preskripsyon yo ant \$15 ak \$50 pou chak preskripsyon.	Peman patisipasyon pou preskripsyon yo se \$2 pou medikaman jenerik, epi \$5 pou medikaman ki gen mak. Medikaman pou mentnans doktè preskri yo rive GRATIS nan lapòs .
Sekirite	Gen pwoblèm sekirite tout bon vre nan kote a ak nan otobis yo – san pa gen mwayen rezoud yo.	Kontra a otorize yon “komite pou sante ak sekirite” ki gen ladan 3 travayè ak yon sipèvizè.
Peye pou Reyinyon sou Sekirite	Yo pa peye anplwaye yo pou ale nan reyinyon sou sekirite yo.	Yo OBLIJE peye anplwaye yo pou ale nan reyinyon sou sekirite yo. Epi yo oblije afiche dat reyinyon sa yo omwen 45 jou davans.
Pasdwa pou Mounpa	Nan plizyè kote yo, gen anpil pasdwa ki fèt pou mounpa, san nou pa ka fè anyen kont sa.	Kontra sendika a dwe aplike menm jan pou tout moun – pa dwe gen pasdwa pou mounpa.
Salè	<p>Salè anvigè depi premye septanm 2009:</p> <p>Pi gwo salè pou chofè otobis, plis avantaj anplwaye: \$19.50</p> <p>Pi gwo salè pou chofè fougou, plis avantaj anplwaye: \$16.00</p> <p>Pi gwo salè pou asistan chofè, plis avantaj anplwaye: \$11.40</p> <p>Salè mekanisyen: koumanse depi \$11-20 alè. Tout kote yo pa peye menm salè.</p> <p>Avantaj anplwaye pou mekanisyen: Mekanisyen yo peye yon gwo moso nan avantaj anplwaye yo, ki soti nan chèk yo chak semenn.</p>	<p>Salè anvigè depi premye janvyè 2010:</p> <p>Pi gwo salè pou chofè otobis, plis avantaj anplwaye: \$21.91</p> <p>Pi gwo salè pou chofè fougou, plis avantaj anplwaye: \$17.70</p> <p>Pi gwo salè pou asistan chofè, plis avantaj anplwaye: \$15.35 (Dapre kontra nou genyen anvigè kounye a, tout salè yo pral monte anviwon \$2.00 alè pandan 2 lane ki pral vini yo.)</p> <p>Salè mekanisyen: koumanse depi \$24.47, epi anvan 3zan pase, li pral depi \$27.72.</p> <p>Konpayi an ap peye tout tarif medikal pou fanmi an chak mwa: mekanisyen an pa pral peye ANYEN.</p>

# Misyon nou

---

*Noumenm, travayè nan nèf branch Baumann, Acme, Brookset ak Alert nan Long Island yo, nou kole tèt nou ansanm pou fòme yon sendika avèk Teamsters Local 1205. Avèk Teamsters yo, nou pral gen pouvwa pou nou fè yon diferans pozitif tout bon nan kondisyon travay nou, ak pou nou pare yon pi bon lavni pou fanmi nou. Nou bezwen gen yon vwa nan kondisyon travay nou! Nou bezwen pi bon salè ak pi bon avantaj pou anplwaye! Nou bezwen fini ak koupe nan lajan travay anplwaye, epi ak tretman ki pa ekitab! Nou bezwen negosye tankou patnè egal-ego ak konpayi an, pou amelyorasyon nou tout merite yo! Ansanm, n ap mete sendika nou an kanpe avèk Teamsters Local 1205 pou fè kote nou travay la vin pi bon. Vin jwenn nou!*

**Pou plis enfòmasyon sou kanpay n ap mennen an, rele Teamsters Local 1205 nan nimewo (516) -501-1205, estasyon 30, oswa ale nan [www.schoolbusworkersunited.org](http://www.schoolbusworkersunited.org) ak [www.teamster.org](http://www.teamster.org).**

**Teamsters Local 1205 • 246 Conklin Street • Farmingdale, NY**

***Vote "WI" pou Teamsters nan dat 20 novanm lan!***

First Class  
U.S. Postage  
PAID  
Washington, DC  
Permit #4481

**International Brotherhood of Teamsters**  
**25 Louisiana Avenue, NW**  
**Washington, DC 20001**

